*Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması*




# Qurılıs jumısları

**SANLAR:**

- Qurılıs-mantaj jumısları kólemi 635,9 mlrd.sum
- Iri qurılıs kárxanalardıń úlesi – 15,9 payız
- Kishi kárxanalar hám mikrofirmalar – 54,0 payız
- Qurılısta rásmiy bolmaǵan sektordıń úlesi – 30,1 payız

Usı jıldıń yanvar-may ayları boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikasında 635,9 mlrd sumlıq qurılıs jumısları alıp barılıp, sonnan ósiw pátin ótken jıldıń yanvar-may aylarına salıstırma túrde 103,4 payızın quradı hám 3,4 payız ǵ a ósti.

Sonıń menen bir qatarda iri kárxanalar tárepinen qurılıs jumısları kólemi 101,0 mlrd sum bolıp, ósim páti 105,5 payızdı qurap, ótken jıldıń may ayına salıstır ǵ anda 5,5 payız ǵ a kóbeydi.



## Qurılıs jumısları , mlrd.sum



# Múlikshilik formaları boyınsha qurılıs jumısları




Múlikshiliktıń mámleketlik emes túrindegi qurılıs kárxanaları tárepinen 616,2 mlrd. sumlıq qurılıs jumısları pitkerilip, ulıwma qurılıs jumısları kóleminiń 96,9 payızın quradı, ótken jıldıń yanvar-may aylarına salıstırǵanda 3,8 payızǵa ósti.




Ulıwma qurılıs jumısları kólemindegi "imaratlar hám inshaatlardıń" qurılısı boyınsha 416,6 mlrd.sumlıq qurılıs jumısları pitkerilip hám ótken jıldıń yanvar-may aylarına salıstırǵanda 6,6 payızǵa kóbeydi. "Puxaralıq obektlerin" qurıw boyınsha qurılıs jumısları 67,1 mlrd.sum bolıp, yaǵnıy ótken jılga salıstırma túrde 4,9 payızǵa kemeydi, 150,9 mlrd.sumlıq "qánigelestirilgen" qurılıs jumıslarına tuwra kelip, ótken jılga salıstırma túrde 1,0 payızǵa kemeydi.




Ulıwma qurılıs jumısları kóleminde janadan qurıw, rekonstruktsiyalaw keńeytiriw hámde texnikalıq jaqtan qayta qurallandırıw jumıslarınıń kólemi 454,1 mlrd.sumdı quradı. Kapital, ápiwayı ońlaw hám de basqa da qurılıs jumıslarınıń kólemi 181,8 mlrd sumdı quradı.

Ótken jıldıń yanvar-may aylarına salıstır ǵ anda jańadan qurılıs, rekonstruktsiya, keńeytiriw hámde texnikalıq jaqtan qayta qurallandırıw jumısları 8,4 payız ǵ a kóbeydi. Kapital, ápiwayı ońlaw hám de basqa da qurılıs jumıslarınıń kólemi 7,3 payız ǵ a kemeydi




**Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması Investitsiya hám qurılıs statistikası bólimi**

**Orınlawshı: Z.Seytimbetova**

**(0361) 222-75-91**